

Kesyon Sou Bilten Vòt

Netwayaj Pwopriyete Piblik

Pwopozisyon sa a t ap amande Konstitisyon Vil la pou elaji epi klarifye pouvwa Depatman Vwari a pou netwaye lari ansanm ak lòt pwopriyete Vil la epi egzije pou jete fatra nan resipyan.

Vote "Wi" ap elaji epi klarifye pouvwa Depatman Vwari a pou netwaye lari ansanm ak lòt pwopriyete Vil la epi egzije pou jete fatra nan resipyan. Vote "Non" kite lwa yo san okenn chanjman.

Kesyon Sou Bilten Vòt

Estimasyon Adisyonèl Kou Lwa ki Pwopoze yo ak Mizajou Delè Bidjè a yo

Pwopozisyon sa a t ap amande Konstitisyon Vil la pou egzije analiz Konsèy la founi yon fiskal anvan seyans ak vòt sou lwa, otorize Majistra a ofri analiz fiskal, epi mete delè bidjè yo ajou.

Vote "Wi" t ap amande Konstitisyon Vil la pou egzije analiz fiskal adisyonèl anvan seyans ak vòt sou lwa lokal yo, epi mete delè bidjè yo ajou. Vote "Non" kite lwa yo san okenn chanjman.

Kesyon Sou Bilten Vòt

Plis Preyavi ak Tan Anvan Vòt sou Lejislasyon Sekirite Piblik

Pwopozisyon sa a t ap egzije plis preyavi piblik ak tan anvan Konsèy Minisipal la vote sou lwa ki konsène operasyon sekirite piblik Depatman Lapolis, Koreksyon, oswa Ponpye.

Vote "Wi" t ap egzije plis tan anvan Konsèy la vote sou lwa ki konsène operasyon sekirite piblik Depatman Lapolis, Koreksyon, oswa Ponpye. Vote "Non" kite lwa yo san okenn chanjman.

Kesyon Sou Bilten Vòt

Planifikasyon Kapital

Pwopozisyon sa a t ap amande Konstitisyon Vil la pou egzije plis detay nan evalyasyon anyèl enstalasyon Vil la yo, enpoze pou planifikasyon kapital la konsidere bezwen enstalasyon yo, epi mete dat limit planifikasyon kapital yo ajou.

Vote "Wi" t ap egzije plis detay lè evalyasyon bezwen antretyen enstalasyon Vil yo ap fèt, t ap mande pou planifikasyon kapital la konsidere bezwen enstalasyon yo, epi t ap mete dat limit planifikasyon kapital la ajou. Vote "Non" kite lwa yo san okenn chanjman.

Kesyon Sou Bilten Vòt

Antrepriz Komèsyal Minorite ke Fanm Posede (MWBE), Pèmi pou Tounaj Fim ak Komisyon Revizyon Achiv

Pwopozisyon sa a t ap amande Konstitisyon Vil la pou etabli Responsab Divèsite Biznis (CBDO), otorize Majistra a pou li deziyen biwo ki bay pèmi pou fim yo, epi konbine komisyon achiv yo.

Vote "Wi" t ap etabli CBDO pou sipòte MWBE yo, otorize Majistra a pou deziyen biwo ki bay pèmi pou fim yo, epi konbine de komisyon. Vote "Non" kite lwa yo san okenn chanjman.